# 8-KLASTA «QÍRÍQ QÍZ» DÁSTANÍNDAĞI ARÍSLAN HÁM GÚLAYÍM OBRAZLARÍN OQÍTÍW USÍLLARÍ

**Xudayberganova Zamira Baltabaeva**
*Ámiwdárya rayonı 40-sanlı mekteptiń qaraqalpaq (mámleketlik til) páni oqıtıwshısı*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.17704511**

***Annotaciya:*** *Qaraqalpaq xalıq dástanı "Qırıq qız" dástanındağı Arıslan hám Gúlayım obrazları" oqıtıw usılları, dástanlardı úyretiw, olardıń túrleri, dástan qaharmanlarına sıpatlama beriwi keltirip ótiledi. Kreativ metodlardan "Sayaxat" metodınan paydalanıp tariyx menen baylanıstırılğan. Zamanagóy "5 kadr" metodlarınan paydalandıq. Bul maqalada integraciya, pánler ara baylanıs qaraqalpaq tili, tariyx, tárbiya geografiya pánleri menen jaqın ótiletuğın temalar menen bir qatarda kásipler aralıq baylanıslar berilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *interaktiv, kreativ, mediasawatxanlıq, kadr, sayaxat, slaydlar, kesteler, sxemalar.*

***Аннотация:*** *Приводятся методы обучения «Образам Арыслана и Гулайым в каракалпакском народном эпосе «Сорок девушек,» обучение эпосам, их виды и описание героев эпоса. Креативные методы связаны с историей с использованием метода «Путешествие.» Мы использовали современные методы «5 кадров.» В этой статье рассматриваются интеграция, межпредметная связь, каракалпакский язык, история, воспитание, география, а также межпрофессиональные связи.*

***Ключевые слова:*** *интерактивный, креативный, медиаграмотность, кадр, путешествие, слайды, таблицы, схемы.*

***Annotation:*** *The teaching methods of the Karakalpak folk epic «The Images of the Lion and Gulayim in the Epic of the Forty Girls,» the teaching of the epics, their types, and the characterization of the epic heroes are cited. Creative methods are connected with history using the «Journey» method. We used modern «5 frames» methods. This article presents interdisciplinary connections alongside topics closely related to integration, interdisciplinary connections, the Karakalpak language, history, and education, as well as geography.*

***Keywords:*** *interactive, creative, media literacy, frame, travel, slides, tables, diagrams.*

Qaraqalpaq hám basqa xalıqlardıń awızeki dóretpeleriniń ishinde dástanlar úlken orın tutadı. Dástanlar xalıqtıń talabın, ármanın, umtılıwların óz ishine alıp, pútini menen bir eldiń, xalıqtıń jırın jırlawğa qaratılğan. Dástanlarda kóbinese xalıq óziniń watandı súyiwshiligin, ádillik hám batırlığın jırlaydı. Watandı dushpanlardan qorğawda qaharmanlıq kórsetken batırlar jırlanadı.Dástanlar bizge kóp zamanlardan beri áwladtan áwladqa, awızdan awızğa ótip kelgen hám usı kúnge shekem saqlanıp qalğan. Qaraqalpaq xalqınıń dóretiwshilik uqıbınan ájayıp gúwalıq beretuğın «Qırıq qız» dástanı dúnya ádebiyatı ğáziynesiniń altın qorınan bekkem orın alğan esteliklerdiń biri. Dástan 1939 – 1940-jılları ataqlı Qurbanbay jırawdan jazıp alındı hám 1949-jılı baspadan shıqtı. Soń qaraqalpaq, ózbek, qazaq, túrkmen tillerinde basıldı. Dástannıń xalıq súyiwshiligine

iye qunlı miyras ekenligin onıń rus tilinde úsh ret basılıp shıqqanlıǵı jaqsı dálilleydi. Dástan shet ellerde de keńnen belgili.

«Qırıq qız» dástanınıń basqa qaraqalpaq dástanlarınan ayırmashılıǵın, kórkemligin, qaraqalpaq qızlarınıń ózine tán milliy ózgesheligin, túwılǵan jerge degen sadıqlıqtı, súyispenshilikti hár túrli usıllarda interaktiv, kreativ metodlarda úyrenemiz.

Házirgi kúnde tálim processinde interaktiv metodlardı (innovaciyalıq, pedagogikalıq hám xabar texnologiyaları) paydalanıp, tálimniń sapasın arttırıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıq, itibar kúnnen-kúnge kúsheyip barmaqta. Zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıp ótilgen sabaqlar oqıwshılar iyeleytuǵın bilimlerin ózleri izlep tabıwına, óz betinshe úyrenip talqılawına, hátte juwmaqların da ózleri islewine qaratılǵan. Bul processte oqıtıwshı jeke adam hám topardıń qáliplesiwi, bilim alıwı hám tárbiyalanıwına sháriyat jaratadı, sonıń menen birge basqarıwshı, shólkemlestiriwshi hám baǵdarlawshı wazıypasın atqaradı. Bunday oqıw processinde oqıwshı tiykarǵı figuraǵa aylanadı.

Mekteplerde xalıq dástanların ótiwde oqıwshılarǵa maǵlıwmat beriwdiń metodikalıq usılları erteklerdi ótiwge qaraǵanda, basqasharaq boladı. 8-klass Qaraqalpaq (mámleketlik) tili sabaǵında Qaraqalpaq xalıq dástanı "Qırıq qız" dástanındaǵı Arıslan hán Gúlayım obrazları" úyreniw berilgen, pán oqıtıwshısı bul temanı ótiw ushın dáslep dástanlardıń da kórkem ádebiyatqa kiretuǵının,onı da ertektey óz aldına kórkem shıǵarmanıń túri,janrı ekenligin túsindiriw kerek. Oqıtıwshı dástandı túsindirgende júdá jeńil, ápiwayı túsinikli etip dástan haqqında birinshi maǵlıwmatlardı beriwi kerek boladı. Usı jerde berilgen dástan haqqındaǵı bilimlerdi bekkemlewde tómendegi metodtan paydalansaq boladı.

***"Sayaxat" metodı.*** Bul metod barlıq temalarda qollana beriwge boladı. Bul metodtı qollanıw arqalı oqıwshılardıń dıqqatları jámlenedi,hátteki bos ózlestiriwshi oqıwshıda belsene qatnasadı.Oqıwshılardıń este saqlap qalıw,yadlaw kónlikpeleri qayta rawajlandıradı.

*Metodtı qollaw:* Bunda oqıtıwshı sabaq baslanbastan burın oqıwshılarǵa, sizler menen búgin sayaxat shólkemlestiremiz dep eskertiw beredi. Búgin sizler menen birgelikte Nókis qalasında jaylasqan I.B.Savickiy muzeyine sayaxatqa baramız.



Endi bul bólimlerdiń barine sorawlar jaylastırıp shıǵamız hám oqıwshılar berilgen sorawlarǵa gezek penen juwap beriw arqalı muzeydi sayaxat etip shıǵamız;

*Metodtıń maqseti:* Bul oqıwshılarda milliy dástúrde qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda 4 túrli kónlikpe qáliplestiriledi.

Oqıp túsiniw – dástanlar haqqında sorawlar menen tanısadı;

Tıńlap túsiniw – dástanlar haqqında maǵlıwmattı úyrenedi;

Sóylew – dástanlar haqqında sorawlarǵa anıq juwap beredi;

Jazıw – dástanlar haqqında maǵlıwmatlardı jazıp aladı;

Bul metod arqalı oqıwshılar maǵlıwmatlardı qalay yadlap alǵanım ózleri de bilmey qaladı, klass ishinde oqıwshılardıń kewilları kóterińki boladı, shaqqanlıq penen háreket etedi;

*Kútiletuǵın nátiyje:*

Oqıtıwshınıń hám oqıwshılarıńızdıń súyikli metodına aynalıp qaladı;

- Hár qanday temanı ańsat,jeńil túsindire alasız;
- Basqa da pánler menen baylanıs ornatasız;
- Sabaqqa itibarsız otırǵan oqıwshını da sabaqqa tarta alasız;

Endi bul metodtı ótiwimiz ushın neler kerek bolatuǵının belgilep alamız;

Sabaqta ótetuǵın temamızdan kem degende 20 dana sorawlar, qaǵıydalar, faktler jazıp alasız;

Usı sorawlardı ayrım qaǵazlarǵa yamasa kartochkalarǵa jazıń;

Metodtı baslamastan aldın taza tema túsindirilgen bolıwı kerek;



Metod haqqında: *“5 kadr” metodı* — bul tálim tarawında interaktiv jantasıwǵa mólsherlengen metod bolıp, fotoplenka kórinisinde 5 bos kadrǵa iye shablon tiykarında isleydi. Bul metod járdeminde oqıwshılar materialdı dodalaw, juwmaqlaw hám erkin pikirlerin, kónlikpelerin rawajlandıradı.

*Metodtıń maqseti:* Oqıwshılardı erkin pikirlewge, óz pikirin awızeki hán jazba tárizde anıq hám túsinikli bayan qıla alıw, temadan kelip shıǵıp sorawlarǵa durıs juwap bere alıw; Jańa xabarlar (xabar) menen islesiw**;** bar bolǵan xabar dereklerinen (internet, televizor, radio (audio video, yozuv)), telefon, kompyuter, elektron pochta va boshqa) paydalana alıw;

Media quralların̄an kerek bolǵan xabarlardı taba alıw, tańlaw, qayta islew, uzatıw, saqlaw, qáwipsizligin támiyinlew hám paydalanıwda media mádeniyatına ámel qılıw; Oqıp úyrengenleri hám ómir tájiriybesinen paydalanǵan halda kúndelikli turmısta ushırasatuǵın mashqalalardı sheshe alıw kónlikpeleri rawajlanadı; Sabaq qızıqlı hám mazmunlı ótedi;

*Metodtı qollaw:* “5-kadr” shablonında hár bir kadr fotoplenka kórinisinde súwretlenedi hám bos jerleri qaldırıladı.

Dástanlardaǵı qaharmanlar, waqıyalar haqqında maǵlıwmattı izbe – izlikte jazıp baradı.

1-kadrǵa dástannıń atı jazıladı;

2-kadrǵa bas qaharmanlarǵa táriyp beriledi;

3-kadrǵa unamsız qaharmanlarǵa tariyp beriledi;

4-kadrǵa waqıyalardıń tiykarı;

5-kadrǵa dástannıń juwmaqlanıwı jazıladı;

*Kútiletuǵın nátiyje:* Oqıwshılar ózlerin rejesyorlarday, jazıwshılarday tutıp izbe – izlikti saqlaydı, shaxs sıpatında óz-ózin rawajlandıradı,fizikalıq, ruwxiy hám intiliktyal jetiskenliklerge umtıladı, kreativ pikirlew qábiletin rawajlandıradı, óz ústinde islew, maǵlıwmattı tabıw kónlikpesi qáliplesedi, izleniw, pánler ara baylanısadı.

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq tili hám ádebiyatı pánin oqıtıw barısında zamanagóy oqıtıw texnologiyaları menen metodlardan, kórgizbeli qurallardan

paydalanıw oqıwshılarda tayanısh kompetensiyalar menen pánge baylanıslı kompetenciyalardıń da qáliplesiwinde ayrıqsha rol oynaydı.

**Ádebiyatlar:**

1. Yusupov “Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw” Tashkent-2018
2. Q. Orazımbetov, B.Genjemuratov, G. Begmuratova. Ulıwma orta bilim beriw mekteepleriniń 6-klası ushın sabaqlıq. Tashkent-2022
3. U. Embergenov “Qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası”. Nókis-2016
4. Ǵulomov A. Ona tilin óqitish princplari. Toshkent-1995
5. Isabaev Q. Qazaq tilin oqıtıw metodikası. Tashkent-2003